



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKONPLISMAN AJANDA JISTIS 2019 YO - SESYON LEJISLATIV KI PI PWODIKTIV NAN ISTWA MODÈN

Kodifye Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a vin Lwa, sa k ap Kreye Pwogram Chanjman Klimatik ki pi Agresif nan Nasyon an

Lite Kont Atak Washington ap fè sou Klas Mwayèn lan - Rann Plafon Enpo Fonsye a Pèmanan, Limite Depans a 2% epi Redwi Enpo pou Klas Mwayèn lan

Atenn Viktwa Kominote LGBTQ a t ap Chèche Depi Byen Lontan ki gen ladan Eliminasyon Defans Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl la, Adopsyon GENDA ak Entèdiksyon Terapi Konvèsyon

Tabli yon Deklarasyon Dwa pou Travayè Agrikòl yo, Akòde Dwa pou yo Sendikalize, yon Jou Repo ak Peman pou Lè Travay Sipleman

Kodifye Roe v. Wade pou vin Lwa Eta a epi Ogmante Pwoteksyon pou Fanm nan Milye Travay yo, ki gen ladan Plis Pwoteksyon pou Asèlman Seksyèl ak Pwolonjman Delè Preskripsyon pou Vyòl yo

Reyotorize ak Agrandi Pwogram MWBE a, ki se yon Pwogram Lidè nan Nasyon an

Mete Refòm Transfòmasyonèl nan Jesyon MTA ak Finansman pou yo fè Amelyorasyon Enpòtan yo

Asire Gen Eleksyon Transparan ak Ekitab Gras a yon Ajanda Demokrasi a Plizyè Volè

Ranfòse Refòm sou Zam ki pi Solid nan Nasyon an avèk Plis Pwoteksyon pou Moun Danjre yo pa Jwenn Aksè a Zam

Rann Jistis pou Viktim Abi Seksyèl nan Anfans yo t ap Tann Depi Byen Lontan avèk Adopsyon Lwa pou Viktim ki Timoun yo

Pou respekte pwomès Ajanda Jistis 2019 li te premye prezante an desanm lan, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse akonplisman pwogresif istorik yo te entwodui pandan Sesyon Lejislativ ane sa a - ki se sesyon ki pi pwodiktiv nan istwa politik modèn.

Refòm radikal sa yo pral garanti jistis sosyal ak ekonomik pou tout Nouyòkè, abòde enpak devastè chanjman klimatik yo, sipòte angajman New York kontinye pran anvè dwa travayè yo, modènize sistèm transpò yo toupatou atravè eta a, epi amelyore angajman Empire State pran anvè ekitablite pami sèks yo ak dwa lesbyen,

omoseksyèl, biseksyèl, transeksyèl, ak sila ki pa defini oryantasyon seksyèl yo (LGBTQ). Tout sa yo te fèt pandan yo t ap adopte politik responsab sou plan fiskal ki gen ladan kenbe kwasans depans lan a 2 pousan pou yon nevyèm ane konsektiv, adopte yon plafon enpo fonsye pèmanan epi redwi taks pou klas mwayèn lan.

"Sis mwa pase, nou te prezante Ajanda Jistis 2019 la - ki se yon plan direktè pou vanse New York vè lavan - epi jodi a mwen fyè pou m di nou te rive fè sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Enfendkont, sèl sa ki enpòtan se sa w akonpli, epi sesyon sa te sesyon lejislativ ki pi pwodiktif nan zafè ki konsène ajanda pwogresif la nan istwa modèn. Rezilta a te ekstraòdinè, epi nou te kenbe de pilye nou yo - responsabilite fiskal ak kwasans ekonomik asosye ak pwogrè sosyal sou yon echèl san presedan ak lidè nan nasyon an."

Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a: Lejislasyon sa a pwomilge Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a, sa k ap kreye pwogram chanjman klimatik ki pi agresif nan nasyon an ki gen objektif pou: atenn zewo degajman kabòn nan sektè elektrisite a apati 2040; enstale 9GW enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind) apati 2035; 6GW enèji solè apati 2025; 3GW estokaj enèji apati 2030; epi mande antite eta yo pou yo travay anvè yon objektif pou 40 pousan nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik y ap envesti yo vize benefisye kominote defavorize yo. Anplis de sa, lwa a kreye Konsèy sou Aksyon Klimatik la (Climate Action Council) ki gen ladan lidè plizyè ajans ak otorite eta a yo ansanm ak nominasyon lejislativ yo pou devlope yon plan ki dekri fason eta a pral atenn 85% rediksyon nan degajman gaz a efè sèr yo (greenhouse gas, GHG) soti nan nivo 1990 yo apati 2050, epi evantyèlman degajman kabòn nèt a zewo nan tout sektè yo nan ekonomi an.

Plafon Enpo Fonsye Pèmanan: Fè plafon enpo fonsye a ki 2% vin pèmanan, sa ki ap ajoute sou anvivon 25 milya dola ekonomi kontribiyab yo reyalize depi lè yo te mete li sou pye an 2012 la.

Lajan ak Jesyon MTA: Finanse MTA a gras a 25 milya dola yo estime ke yo te kolekte atravè peyaj nan Distri Biznis Santral la (Central Business District), yon nouvo taks pwogresif sou gwo kay yo, ak eliminasyon avantaj taks entènèt la. Reyalize refòm ki te dwe fèt depi byen lontan nan MTA yo ki gen ladan devlope yon plan reyòganizasyon, modifye pwosesis nominasyon Konsèy MTA yo pou aliye l ak otorite pou fè nominasyon an, egzije pou MTA sibi yon evalyasyon jidisyè ak yon revizyon efikasite endepandan, epi mande pou yo fè yon revizyon apwofondi sou inite konstriksyon an avèk ekspè ekstèn pou revize gran pwojè yo.

Fè Vanse Dwa LGBTQ yo: Gouvènè Cuomo ap pwomilge legislasyon tranfòmativ nan kad efò pou sipòte dwa LGBTQ yo, ki gen ladan eliminasyon defans panik omoseksyèl ak transeksyèl—ki konble vid jiridik ki te gen nan lwa eta a ki te pèmèt moun itilize defans panik omoseksyèl ak transeksyèl yo apre yo atake yon lòt moun sou baz sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl viktim lan. Gouvènè a te adopte vin lwa a, Lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Ekspresyon Sèksyèl la (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA) ak entèdiksyon terapi konvèsyon LGBTQ a.

Tabli yon Deklarasyon Dwa pou Travayè Agrikòl yo: Lejislasyon an te tabli yon deklarasyon dwa pou travayè agrikòl yo, k ap akòde peman pou lè travay siplemantè, yon jou repo ak dwa pou yo sendikalize.

Pwomilge Plis Pwoteksyon pou Asèlman Seksyèl: Pake refòm sa a pral bese nivo ba yo te tabli pou anplwaye yo fè patwon travay yo asime responsablite yo dapre Lwa sou Dwa Imen New York la (New York Human Rights Law) kont asèlman seksyèl gras a amandman kondisyon ki egzije pou konpòtman ki "sevè oswa jeneralize" yo vin konstitiyè konpòtman ki ouvè a pouswit jidisyè; pwolonje delè preskripsyon yo pou reklamasyon sou asèlman seksyèl yo depoze nan Divizyon Dwa Imen an (Division of Human Rights) soti ennan pou vin twa zan; epi pwoteje dwa anplwaye yo genyen pou yo pote plent lè yo rann li obligatwa pou tout akò konfidansyalite ki nan kontra travay yo gen langaj ki deklare ke anplwaye yo ka toujou patisipe nan nenpòt ankèt gouvènmantal ke ajans anti-diskriminasyon lokal, eta, ak federal yo ap fè yo.

Elimine Delè Preskripsyon yo pou Vyòl: Delè preskripsyon pou vyòl yo enpoze yon delè sou konbyen tan viktim yo genyen pou yo kapab denonse yon vyòl si yo vle pote plent. Pandan ane ki sot pase a, viktim ki te soufri an silans yo pandan plizyè deseni yo te pale ak kouraj de abi yo, epi yo te revele kapasite limite eta a genyen pou l pouswiv abizè yo lajistis akòz tan ki te pase a. Pou rekonèt reyalyte sa a, eta toupatou nan peyi a ap pwolonje oswa elimine delè preskripsyon sou krim vyolans seksyèl yo. Lejislasyon sa a ap pwolonje delè preskripsyon pou Vyòl nan Dezyèm ak Twazyèm Degre, epi agrandi delè preskripsyon sivil pou reklamasyon ki gen rapò ak krim sa yo, sa k ap pèmèt viktim yo gen plis opòtinite pou yo jwenn jistis.

Redwi Eka ki gen nan Inegalite Salè Pami Sèks yo: Depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon, li te lite agresivman pou l ogmante pwoteksyon pou fanm yo nan milye travay yo epi redwi eka ki gen nan inegalite revni salaryal ant gason ak fanm yo nan New York. Pake refòm sa a gen ladan lejislasyon pou agrandi definisyon "menm salè pou menm travay la" pou entèdi inegalite salè sou baz yon klas pwoteje pou tout travay ki sibstansyèlman similè yo epi konble tout vid jiridik anplwayè yo ap eseye itilize pou yo peye moun mwens lajan sou baz sèks yo, ras yo oswa lòt klas pwoteje yo; asanm ak entèdi yo depann de istwa salè aplikan ak anplwaye yo pou yo ofri yo travay oswa detèmine salè yo.

Reyotorize ak Agrandi Pwogram MWBE a: Pwogram Antrepriz Biznis Minoritè ak Fanm Posede yo (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) te jwenn anpil siksè depi kreyasyon l, sa k ap tabli pi gran objektif patisipasyon MWBE ki genyen nan tout nasyon an nèt epi atribiye anpil milye kontra eta bay biznis moun minoritè ak fanm yo posede yo. Lejislasyon an ap reyotorize pwogram MWBE a epi agrandi dispozisyon ki gen rapò ak patisipasyon MWBE yo nan kontra eta yo pou asire pwogram efikas sa a kontinye.

Pwoteksyon pou Lokatè yo: Pake refòm sa a, yo konn rele lwa sou Establi Lojman ak Pwoteksyon pou Lokatè (Housing Stability and Tenant Protection act) 2019 la, ap pwomilge pwoteksyon ki pi radikal ak pi agresif pou lokatè yo nan istwa eta a, sa k ap pwoteje lojman nan pri abòdab pou anpil milyon Nouyòkè.

Retire Egzansyon Vaksen ki pa Medikal yo: Etazini ap travèse aktyèlman la pi move epidemi lawoujòl depi plis pase 25 an, kote epidemi yo ap frape divès pati nan New York ki prensipalman kreye kriz lan. Kòm yon konsekans egzansyon vaksinasyon ki pa medikal yo, anpil kominote atravè New York gen to vaksinasyon ki inakseptab, epi timoun ki pa vaksine sa yo ka souvan al lekòl kote yo ka transmèt maladi a bay lòt timoun ki pa vaksine yo. Nouvo lwa sa a pral anile egzansyon ki pa medikal yo nan egzijans vaksinasyon lekòl yo pou timoun yo epi ede pwoteje popilasyon an pandan epidemi sa ankou la a.

Garanti Bon Jan Kalite Edikasyon: Yo te ogmante asistans eskolè pa plis pase 1 milya dola, sa ki ap pote asistans eskolè yo rive nan yon nivo rekò 27.9 milya dola ototal. Anplis de sa, nouvo egzijans sou rapò yo pral pèmèt nou korije dezekilib ki genyen nan distribisyon resous yo pandan n ap priorize finansman onivo chak lekòl pou pwomouvwa yon sistèm edikatif ki pi transparan ak pi ekitab.

Fè Lwa RÈV (DREAM Act) Jose R. Peralta a vin yon Reyalite: Yo resi ouvri pòt ansèyman siperyè yo pou anpil milye Nouyòkè lè yo bay etidyan New York ki san papyè yo menm avantaj yo bay kamarad yo ki sitwayen yo, ki gen ladan askè a Pwogram Asistans pou Frè Eskolè a (Tuition Assistance Program, TAP) ak bous detid eta ap administre yo, tankou bous detid Excelsior la.

Agrandi Elijiblite pou Pwogram San Frè Eskolè Bous Etid Excelsior la: Pandan pwogram san frè eskolè Eta a ap antre nan twazyèm ane l, etidyan ki gen fanmi k ap touche jiska 125,000 dola chak ane yo pral elijib kounye a pou yo aplike pou pwogram lan, sa k ap pèmèt plis pase 55 pousan etidyan atanplèn SUNY ak CUNY ki rezide nan eta a yo—oswa plis pase 210,000 rezidan New York—ale nan inivèsite san yo pa peye frè eskolè lè yo melanje yo ak asistans TAP a.

Refòm Jistis Kriminèl: Yo reyalize refòm jistis kriminèl radikal apati eliminasyon kosyon ak lajan kach yo pou deli minè ak enfraksyon ki pa vyolan yo, sa ki ap garanti dwa a yon pwosè akselere, ak transfòmasyon pwosesis dekouvèt la.

Kontinye Fè Investisman nan Sektè Touris la: Y ap ajoute sou angajman san presedan Gouvènè a te pran pou l investi 150 milya dola nan pwojè enfrastrikti yo pandan senk ane k ap vini yo.

Respekte Pwomès yo te fè pou Pwojè Tinèl Pòtay la: Lejislasyon sa a ap tabli yon Komisyon Devlopman Pòtay la (Gateway Development Commission) epi kreye yon pwogram investisman nan wout tren nan kad pwojè a. Efò de eta sa a, k ap fèt an kolaborasyon ak New Jersey, reprezante pwogrè konsiderab k ap fèt nan yon pwojè ki enpòtan pou ekonomi ak sekirite nasyon nou an, pandan l ap restore wòl nou kòm yon lidè global nan enfrastrikti.

Pwoteje Anviwonman an: Lansman Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal)—ki se inisyativ pou pwoteksyon anviwonmantal ki pi agresiv nan nasyon an, entèdi sachè plastik a izaj inik yo, lanse pwogram resiklaj dechè alimantè a epi investi 500 milyon dola adisyonèl nan enfrastrikti dlo pwòp, sa k ap ogmante investisman istorik Eta ap fè a 3 milya dola, tout sa yo ap sèvi pou pwoteje Nouyòkè yo pandan n ap konbat kèk nan menas ki pi presan pou anviwonman an yo.

Kenbe Nouyòkè yo an Bòn Sante: Lè yo kodifye dispozisyon ki nan Lwa sou Swen Abòdab la yo (Affordable Care Act, ACA), Nouyòkè yo ka sèten ke bezwen sante yo kouvri, kèlkeswa mezi Washington ta pran.

Sipòte Dwa Travayè yo: Agandi pwoteksyon Janus lan pou l rive kouvri tout gouvènman lokal yo epi garanti dwa pou yo òganize epi negosye nan yon fason kolektif.

Pwomouvwa Ajanda Demokrasi a: Pou ogmante patisipasyon elektè New York yo epi pou asire ke eleksyon New York yo rete ekitab ak transparan, yo te pwomilge inisyativ ki annapre yo ane sa a: senkwonizasyon eleksyon federal yo ak eleksyon eta a yo, enskripsyon alavans pou minè yo, vòt antisipe, transfè enskripsyon vòt inivèsèl, ak avansman vòt pa korespondans san eskiz la, ak enskripsyon pou vote menm jou a.

Refòm Bon Sans sou Zam: Pou ranfòse Lwa SAFE la (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act)—ki se lejislasyon sou kontwòl zam ki pi solid nan peyi a—yo te pwomilge mezi adisyonèl yo ane sa a pou asire ke move moun yo pa gen aksè a zam, ki gen ladan Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill), entèdiksyon bump stock yo, ak pwolonjman peryòd atant pou verifikasyon antesedan kriminèl yo.

Siyen Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act): Lwa sa a pral ofri soulajman nesèsè ke timoun ki viktim agresyon seksyèl yo t ap tann depi byen lontan lè li modifiye lwa demode New York yo pou asire moun ki komèt zak yo peye pou aksyon yo, kèlkeswa lè yo te komèt krim lan.

Elimine Vid Jiridik LLC yo: Pwojè lwa a ap elimine vid jiridik nan LLC yo lè yo limite depans politik yon LLC ka fè a 5,000 dola ototal chak ane, ki se menm limit kòporasyon yo genyen tou. Pwojè lwa a ap egzije tou piblikasyon enterè enskripsyon dirèk ak endirèk nan LLC k ap fè kontribisyon an, epi pou se a moun lan yo lye kontribisyon an.

Akonplisman Ajanda Jistis pou Fanm 2019 la: Avèk adopsyon Lwa Sou Sante Repwodiktif la (Reproductive Health Act), Lwa sou Kouvèti Kontrasepsyon Global la (Comprehensive Contraception Coverage Act), ak Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo (Domestic Violence Survivors Justice Act), ansanm ak entèdiksyon sou vanjans pòno an, ak ranfòsman pwoteksyon pou alètman nan milye travay yo, Gouvènè Cuomo ap kontinye menm angajman l te pran pou asire ekitabilite ak egalite pou fanm yo toupatou atravè Eta New York.

Nouvo investisman finansman kapital ane sa a yo gen ladan:

- **Finansman Konplè pou Rekiperasyon Aprè Ivè Ekstrèm lan:** 65 milyon dola nan finansman Eta a pou pwogram Rekiperasyon Aprè IVÈ Ekstrèm lan (Extreme WINTER Recovery). Ofri gouvènman lokal yo plis asistans pou reyabilitasyon ak rekonstriksyon otowout ak wout lokal move tan ivè Eta New York la te afekte yo. Investisman san presedan sa y ap fè nan enfrastrikti wout ak pon lokal yo, ap anplis de 478 milyon dola nan finansman Eta a y ap bay atravè pwogram CHIPS ak pwogram Marchiselli a, ak 200 milyon dola pou PAVE-NY ak Bridge NY.

- **Investisman 120 Milyon Dola nan Lojman Piblik:** Pou ajoute sou investisman 550 milyon dola san presedan Eta ap fè nan Otorite Lojman Vil New York la (New York City Housing Authority), Gouvènè a ak Lejislati a ap bay 100 milyon dola adisyonèl nan finansman kapital pou ede sipòte transfòmasyon sa ki ankou a pandan y ap ofri 20 milyon dola pou sipòte otorite lojman yo ak lòt lojman ki andeyò Vil New York yo.
- **100 Milyon Dola pou Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a:** Gouvènè a ak Lejislati a ap bay 100 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte jiska 300 milyon dola angajman Eta pran anvè kominote Inondasyon Lak Ontario a te afekte yo. Komisyon Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI), ke yo te lanse mwa pase a, ap travay ak lokalite ki bò rivaj lak la yo pou yo idantifye ak sipòte pwojè ki pral redwi risk pou inondasyon enfrastrikti yo pandan y ap ranfòse ekonomi lokal rejyon an yo.
- **20 Milyon Dola pou Otorite Transpò Fwontyè Niagara a:** Yo ap bay yon dotasyon kapital 20 milyon dola pou sipòte premye ane nan yon angajman 100 milyon dola Gouvènè a ak Lejislati a pran anvè Otorite Transpò Fwontyè Niagara a (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) pou finanse yon plan investisman pandan senkan pou fè antretyen ak amelyorasyon nan Metro Rail.
- **Antre Penn Station ki nan 33rd Street la:** 425 milyon dola nan finansman kapital pral sipòte pwojè Antre Penn Station ki nan 33rd Street la, ak lòt pwojè ki asosye ak amelyorasyon y ap fè nan Long Island Railroad (LIRR) la. Jis mwa pase a la, Gouvènè a te devwale reprezantasyon grafik konsepsyon final yo pou nouvo antre prensipal Penn Station lan ki sitiye nan 33rd street ak 7th Avenue, ki pral ofri aksè dirèk yo byen bezwen nan Sal Datant Prensipal LIRR la ak Subway Vil New York la.
- **Investisman 20 Milyon Dola nan Bibliyotèk Piblik yo:** Yon dotasyon kapital 20 milyon dola pou bibliyotèk piblik yo pral ede bibliyotèk toupatou atravè Eta New York la yo pandan y ap kontinye transfòme pou yo vin tounen sant kominotè ki adapte a 21yèm syèk la.
- **30 Milyon Dola pou Pwogram Sibvansyon Kapital Korespondan pou Ansèyman Siperyè:** Yon dotasyon kapital 30 milyon dola pral sipòte Pwogram Sibvansyon Kapital Korespondan pou Ansèyman Siperyè a (Higher Education Capital Matching Grant Program), ki anba lidèchip Gouvènè a, ap pèmèt inivèsite endepandan toupatou atravè eta a yo fè investisman kapital nan enfrastrikti yo ak nan ekipman yo gras a sibvansyon kapital korespondan yo ba yo.
- **25 Milyon Dola Investisman nan Sekirite pou Pwoteksyon kont Krim Laèn yo:** Yo mete ladan dotasyon kapital 25 milyon dola pou pwojè sekirite nan lekòl ki pa lekòl piblik yo, sant kominotè yo, kan rezidansyèl yo, ak etablisman gadri ki a risk pou yo viktim krim laèn akòz de ideyoloji, kwayans, oswa misyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)